

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Tujuan nu kahontal, nya éta nganalisis jeung medar ngeunaan: (1) struktur carita dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati nu ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur sawangan, gaya basa); (2) Citra Wanoja dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati; (3) larapna hasil panalungtikan struktural jeung féminisme pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA kelas XI. Ieu panalungtikan ngagunakeun tiori strukturalisme, féminisme jeung kritéria milih bahan ajar. Méhode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitis kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Struktur carita nu kapaluruh dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati di antarana téma, galur, palaku/watek, latar, judul, puseur sawangan, jeung gaya basa. Dina ieu novel pasualan-pasualan nu kapaluruh nya éta ngeunaan kahirupan moral, sosial jeung asmara hiji wanoja. Téma nu diangkat dina ieu novel nya éta kahirupan hiji wanoja nu negerkeun diri tina kakuciwa ati jeung gedé tinimbangan dina nangtukeun kaputusan. Galur nu digunakeun dina ieu novel ngagunakeun galur campuran atawa bulak-balik, pangarang ngagambarkeun kajadian maju tuluy nyawang kajadian di mangsa ka tukang, tuluy balik deui neruskeun kajadian awal. Palaku nu kapaluruh dina ieu novel aya 37 palaku, 2 palaku utama nya éta Adis jeung Adit, 35 sésana mangrupa palaku tambahan. Teu sakabéh palaku kapaluruh watekna, dina ieu novel kapaluruh 20 watek palaku. Latar nu kapaluruh dina ieu novel nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat nu kapaluruh aya 31 tempat nu nuduhkeun latar tempat di nagara deungeun jeung kaayaan tempat salila di lembur. Latar waktu kapanggih aya 26 latar nu nuduhkeun tanggal, bulan, taun, abad, musim, poé, jsté. Latar sosial nu kapanggih dina ieu novel aya 5, nyaéta latar sosial kahirupan nu nyangking atikan, kahirupan kelas luhur, kahirupan kelas handap, kahirupan sosial budaya nu micinta kasenian, jeung kahirupan sosial budaya di nagara deungeun nya éta di nagara Australia. Judul dina ieu novel saluyu jeung eusi caritana nya éta

*Sagagang Jacaranda*, mangrupa tangkal jacaranda nu aya di Australia jeung sagagang kembang jacaranda nu jadi simbol katresna. Puseur sawangan nu digunakeun dina ieu novel nya éta puseur sawangan jalma katilu-teu kawatesanan. Sarta gaya basa nu digunakeun dina ieu novel kapanggih aya opat nya éta gaya basa majas atawa ngumpamakeun, sisindiran, jeung dua paribasa.

Citra wanoja nu kapaluruh dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati diantarana citra diri wanoja (citra fisik jeung psikis), di antarana citra fisik nu kapaluruh aya 3 nya éta salaku wanoja nu geulis/pantes, wanoja nu idéal jeung wanoja nu jagjag/awét ngora. Citra psikis wanoja nu kapaluruh aya 13 dicindekkeun salaku wanoja nu pinter jeung miboga pamikiran déwasa tapi gedé tinimbangan dina nangtukeun kaputusan, wanoja nu émpati ka wanoja séjén jeung wanoja nu produktif tur rajin dina gawéna. Citra sosial wanoja (citra di kulawarga jeung citra di masarakat) citra wanoja di kulawarga nunjukeun citra nu positif nya éta mikanyaah jeung dipikanyaah ku kulawargana. Citra wanoja di masarakat nya éta salaku wanoja nu resep ilubiung nambah kawawuhan, wanoja nu sopan jeung soméah di masarakat, sarta wanoja nu miboga kalungguhan salaku guru, dokter, jeung diréktur nu miboga peran penting di masarakat.

Larapna hasil panalungtikan struktural jeung féminisme dina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati, dumasar kana kurikulum 2013 revisi 2017, saluyu jeung KIKD pikeun SMA/MA/SMK yén pangajaran novel téh aya di kelas XI, lian ti éta ieu novel *ogé* mibanda ajén kahirupan moral jeung sosial di masarakat, nu cocog dijadikeun pikeun bahan ajar maca novel di SMA/MA/SMK kelas XI, sarta ieu novel nyumponan sakabéh kritéria milih bahan ajar di antarana aya tujuan nu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan, minangka ajén warisan ti entranagan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa.

## 5.2 Implikasi

Implikasi tina hasil nganalisis struktur jeung féminisme ideologis tina novel *Sagagang Jacaranda* karya Risnawati pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA/MA/SMK, dipiharep bisa ngaronjatkeun panalungtikan sastra dina pangajaran, hususna medar struktural jeung féminisme idéologis (citra wanoja) nu dipatalikeun pikeun bahan pangajaran maca novel, masih kénéh réa nu kudu diguar dina ieu panalungtikan. Ku kituna, pikeun mahasiswa, dipiharep bisa dijadikeun referensi hususna anu patali jeung struktur ogé féminisme ideologis (citra wanoja) nu di patalikeun pikeun bahan pangajaran.

## 5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi ti panalungtik pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan pikeun kahareupna.

1. Pikeun panalungtik saterusna, hususna nu nalungtik ngeunaan panalungtikan sastra nu dipatalikeun pikeun bahan pangajaran, dipiharep bisa leuwih nyosok jero.
2. Pikeun panalungtikan saterusna, dipiharep bisa ngagunakuen pamarekan séjén pikeun ngajembaran pangaweruh kana panalungtikan sastra nu dipatalikeun kana pangajaran.
3. Pikeun masarakat dipiharep bisa gawé bareng dina ngaronjatkeun literasi, salasihijina dina maham féminisme ideologis (citra wanoja) nu husus pikeun wanoja jeung umum pikeun sakabéh masarakat.
4. Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun ngeuyeuban bahan ajar maca novel di SMA/MA/SMK kelas XI.